



NATIONS UNIES  
DROITS DE L'HOMME  
HAUT-COMMISSARIAT

**Rapò sou sitiyasyon dwa moun nan peyi Dayiti  
Janvye – Jen 2014  
Rezime**



Photo : Logan Abassi UN/ MINUSTAH (<https://www.flickr.com/photos/minustah/sets/>)

**Mwa Desanm 2014**



## Rezime

1. Nan rapò sa a, Seksyon Dwa Moun MINUSTAH ak Wo Komisarya Dwa Moun (SDH), prezante epi analize eleman ki pi enpòtan yo nan sitiyasyon dwa moun nan peyi Dayiti, soti janvyè rive jen 2014. Rapò sa a vini apre yon lòt rapò ki te fèt soti jiyè pou rive desanm 2013, ki te pibliye nan mwa jen 2014.<sup>1</sup>

2. Pami sa ki pi enpòtan pandan premye mwatye lane 2014 la, yo pwomilge epi pibliye dekrè ki ratifye de Pwotokòl Fakiltatif sou Konvansyon Dwa Timoun, yonn sou patisipasyon timoun nan konfli ame epi lòt la sou trafik ti moun, pwostitisyon ak pònografi timoun, jou ki te 4 jen an. Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl antre an vigè jou ki te 8 janvyè 2014 menm jan ak Konvansyon sou Pwoteksyon Timoun ak Koperasyon nan sa ki gen a revwa ak adopsyon entènasyonal, nan dat 1 avril 2014. Gouvènman an te soumèt rapò mitan pakou egzamen peryodik inivèsèl la (EPU) ak rapò inisyal la bay Komite sou Dwa Moun Andikape yo, epi li finalize tou rapò peryodik la bay Komite sou Eliminasyon ak Diskriminasyon kont Fanm. Anplis de sa, gouvènman an te siyen de konvansyon entè-Ameriken kont rasis ak diskriminasyon. Vizit Rapòtè Espesyal Nasyon Zini pou moun ki deplase nan pwòp peyi yo (29 jen a 5 jiyè 2014) te yon opòtinite pou fè sonje nesosite ki genyen pou pran bon jan mezi dirab pou tout moun nan sitiyasyon vilnerab yo.

3. Pandan arestasyon abitè ak izaj fòs gwo ponyèt dèyè do lawa Polis Nasyonal la nan peyi Dayiti (PNH) bay gwo enkyetid nan tout peyi a, SDH gen gro tèt chaje douvan feblès ki genyen nan pwosesis ki te mete sou pye pou bay repons ak akizasyon sa yo. Enspeksyon Jeneral Polis Nasyonal la nan peyi Dayiti (IGPNH) prezante chak mwa bilan aktivite li yo, yon mezi ki benefisye yon laj kouvèti laprès pou montre volonte ak transparans ki genyen andedan enstitisyon an. San okenn dout, pèfomans IGPNH la amelyore depi lane pase epi enstitisyon an ap fè gro jefò pou ogmante kredibilite l kòm mekanis responsabilizasyon. Se sèten kanmenm genyen yon kantite gwo fot pwofesyonèl polisye yo komèt men ki pa janm denonse devan l. Genyen plizyè lòt kòz kote gen polisye ki sispèk paske yo patisipe nan enfraksyon penal. SDH la tap obsève kijan PNH la tap renka kò l pou l pat enfòm otorite lajistis yo san pèdi tan kote l te pi pito mande IGPNH mennen ankèt disiplinè pito. Alòske, ankèt disiplinè ak ankèt jidisyè pa gen menm bi epi nan okenn ka yonn pa ka bare wout lòt.

4. Vyolasyon dwa libète ak sekirite moun ak dwa pou jwenn yon pwosè nan yon delè rezonab kontinye rete pami vyolasyon dwa moun SDH la pi obsève. An patikilye, pousantaj men wotè detansyon pwovizwa — ki plis pase 70% — epi delè san rezon ki egziste ant arestasyon an ak jijman an, kontinye bay gwo enkyetid. Anplis de sa, yon gwo pati nan prizonnye yo sibi arestasyon ak detansyon abitè nan kondisyon ki menm jan ak tretman kriyèl, inimen, oswa avilisan.

5. Peyi Dayiti toujou ap souffri jounen jodi akòz gwo eritaj tan lontan yo, ki moutre aklè difikilte ki genyen pou goumen kont enpinite sou vyolasyon dwa moun ki te fèt na tan pase yo. Malgre kèk pwogrè nan premye mwatye lane 2014 la, genyen gwo bak ki fèt tou. Pwosedi jidisyè kont mesye Aristide ak Duvalier epi nan asasinay sou jounalis Jean Dominique fè limyè parèt klè

---

<sup>1</sup> MINUSTAH et HCDH, *Rapport semestriel sur la situation des droits de l'homme en Haïti, juillet-décembre 2013* : <http://bit.ly/1vTLmMd>.

## **Dwa moun nan peyi Dayiti – Janvyè-Jen 2014**

sou enkapasite osinon sou manke volonte ministè piblik la genyen pou mennen dosye sa yo. Gwo lantè nan dosye sa yo, pou kont li se yon menas pou lite kont enpinite a paske gen gro risk pou l antrave dwa viktim yo ak sispèk yo pou yo jwenn yon pwosè nan delè rezonab. Dosye Jean Dominique toujou nan faz enstriksyon 14 lane aprè ; se menm bagay tou pou dosye Aristide la ki kòmanse depi lane 2005.

**6.** Risk pou mete deyò ak gro ponyèt moun kap viv nan kan oswa nan etablisman enfòmèl yo rete yon sous ki bay anpil enkyetid. Se tout bon, Gouvènman an toujou pa pwopoze mezi klè pou satisfè san fòs kote revandikasyon non selman dwa pwopriyete yo men tou dwa moun deplase entèn yo.

**7.** Kontèks pre-elektoral la te favorize manifestasyon ak tansyon ant sipòtè ak opozan gouvènman an. Gwoup ki nan opozisyon an, jounalis ak defansè dwa moun yo pat manke siyale jan yo viktim zak menas ak entimidasyon pou mete baboukèt nan libète lopinyon ak dwa pou moun pale lib e libè. Se ajan nan leta a ak patizan gouvènman an yo bay responsab zak ak menas sa yo.

**8.** Rapò sa a te pataje ak Gouvènman an pou fè kòmantè. Kòmantè sa yo te ajoute nan anèks rapò a.